

Konsantman Florid pou yon Twazyèm Pati ki Aji pou Responsab Legal la

Si mwen gen yon **responsab legal (legal guardian)** tribinal nonmen pou mwen, epi gen yon **twazyèm pati** ki otorize pou aji nan non responsab legal sa a epi ki gen otorizasyon pou siyen dokiman ak pran desizyon menm jan responsab legal la ta fè si li te prezan, konsantman mwen an pral bay twazyèm pati sa a dwa sa yo konsènan sèvis Chrysalis Health ap ban mwen:

- Pran desizyon sou tretman oswa sèvis yo nan non mwen;
- Siyen fòm konsantman yo;
- Mande oswa divilge nenpòt dokiman nan non mwen;
- Otorize tretman;
- Patisipe nan plan tretman mwen ak revizyon plan tretman mwen;
- Siyen plan tretman ak revizyon yo;
- Epi fè nenpòt lòt aksyon ki nesèsè pou tretman oswa sèvis mwen resevwa nan Chrysalis Health.

Mwen konprann mwen ka limite konsantman sa a pou sèlman kèk enfòmasyon espesifik oswa kèk itilizasyon espesifik.

Anplis de sa, mwen konprann mwen kapab retire konsantman mwen alekri nenpòt ki lè, depi Chrysalis Health poko pran mezi ki baze sou konsantman sa a.

Si mwen deside retire konsantman mwen, mwen dakò pou voye demann alekri a bay Privacy Officer (Responsab Konfidansyalite).

Mwen konprann tou ke si mwen pa limite oswa retire konsantman sa a, li pral rete valab pandan tout peryòd mwen ap resevwa tretman ak/oswa sèvis nan Chrysalis Health, paske komunikasyon ant moun ki otorize yo nesèsè pou yo kapab ban mwen tretman ak sèvis ki efikas.